दिन—सोमवार दिनांक—15.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

उन्नैस अप्रील के होबऽबला लोकसभा चुनावक लेल प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक नेता लोकनि अपन उम्मीदवार लोकनिक समर्थन मे रैली आ रोड शो कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि गया के गाँधी मैदान मे एनडीए प्रत्याशी जीतनराम माँझी के समर्थन मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। श्री मोदी पूर्णियां के रंगभूमि मैदान मे सेहो एक चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। चुनावक घोषणाक बाद श्री मोदी के बिहारक ई तेसर दौरा अछि।

---

एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तरप्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आइ औरंगाबादक रतनुआ मे एनडीए प्रत्याशी सुशील कुमार सिंह के समर्थन मे एक चुनावी रैली के सम्बोधित कयलनि। ओतहि ओ नवादा मे सेहो एनडीए प्रत्याशी के पक्ष मे एक चुनावी रैली के सम्बोधित कयलनि। श्री योगी कहलनि जे राजद आ कांग्रेस सँ कोनो प्रकारक अपेक्षा राखब बेमानी अछि। ओ कहलनि जे ई दलसभ देशक लेल सदिखन समस्या उत्पन्न कयलनि अछि, जकर समाधान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कयलनि। एम्हर जदयूक वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ शेखपुरा के घाट कुसुम्भा मे एनडीए प्रत्याशी के समर्थन मे एक जनसभा के सम्बोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे केन्द्र सरकारक मददि सँ बिहार लगातार विकास कऽ रहल अछि। ओ अपन कार्यकालक उपलब्धि सभक सेहो चर्चा कयलनि।

---

एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यावद जमुई मे पार्टी प्रत्याशीक पक्ष मे एक चुनावी रैली के सम्बोधित कयलनि। ओ कहलनि जे आइ देश मे झूठ के राजनीति चलि रहल अछि आ लोकसभ के असम्भव स्वप्न देखाओल जा रहल अछि। श्री यादव कहलनि जे भाजपा आ एनडीए के घटक दल मुद्दा पर चर्चा नहि करैत छथि। ओ दाव कयलनि जे इंडी गठबंधन के पूरा राज्य मे अपार समर्थन भेटि रहल अछि।

—————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद के संविधान बदलऽबला बयानक कड़गर आलोचना कयलनि अछि। आई पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री चौधरी राजद अध्यक्ष पर झुठ बयानबाजी करबाक आरोप लगौलनि। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह कांग्रेस अध्यक्ष राहुल गांधी के ओहि बयानक निंदा कयलनि अछि जाहि मे ओ कहने छलाह जे भाजपाक घोषणा पत्र मे महगाई आ बेरोजगारी के कोनो चर्चा नहि अछि।

—————————————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के अध्यक्ष चिराग पासवान कहलनि अछि जे विपक्षी दल द्वारा प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पर जतेक बेसी आलोचना कयल जायत अछि ओकर ओतेक बेसी लाभ एनडीए के भेटैत अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री पासवान कहलनि जे देशक जनता पछिला लोकसभा चुनाव जकाँ एहि बेर सेहो विपक्षी गठबंधन के सत्ता सँ हटबाक मोन बना लेलक अछि।

—————————————————————————————

लोकसभा चुनावक तेसर चरणक लेल नामांकनक काज जारी अछि। आई झंझारपुर संसदीय क्षेत्र सँ जदयूक राप्रीत मंडल नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। ओतहि, खगड़िया लोकसभा क्षेत्र सँ सीपीआई एम के संजय कुमार अपन पर्चा दाखिल कयलनि।

—————————————————————————————

निर्वाचन आयोग लोकसभा चुनावक अंतर्गत आदर्श आचार संहिताक उल्लंघन आ अवैध खर्च पर नजरि राखबाक नव दिशा निर्देश जारी कयलक अछि। आयोग सभ जिला निर्वाचन पदाधिकारी के हरेक लोकसभा क्षेत्र मे कम सँ कम चौवन सर्विलांस टीम के गठन करबाक निर्देश देलक अछि। ई टीम आदर्श आचार संहिता उल्लंघनक मामिला के वीडियो साक्ष्या राखत आ अवैध खर्च, वृहत राशि के लेनदेन आ उपहार वितरण जकां मामिला मे कार्रवाई सेहो करत।

—————————————————————————————

प्रदेश मे शिक्षा विभाग आ राज भवनक मध्य विवाद बढ़ि गेल अछि। राजभवन आई शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव के.के. पाठक के उपस्थित होयबाक आदेश देने छल मुदा ओ उपस्थित नहि भेलाह। विदित अछि जे नओ अप्रील के राजभवन सभ विश्वविद्यालयक

कुलपति लोकनिक बैसक मे के.के. पाठक के बजौने छल मुदा ओ नहि गेल छलाह। राजभवन एकरा गंभीरता सँ लैत हुनका बैसक मे अनुपस्थित रहबाक कारण पुछबाक लेल तलब कयने छल।

———————————————————————————

लोक आस्थाक चारि दिवसीय महापर्व चैती छठि आई उदयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संगहि संपन्न भऽ गेल। मिथिलांचल सहित प्रदेशक विभिन्न नदी आ पोखरि सभ मे व्रती लोकनि उगैत सूर्य के अर्घ्य देलनि।

———————————————————————————

चैती नवरात्रिक सातम दिन आई देवी दुर्गाक काल रात्रि स्वरूपक पूरा विधि विधानक संग पूजा अर्चना कयल जा रहल अछि। विभिन्न पूजा पंडाल सभ मे देवी प्रतिमा के पट लोक सभक दर्शनक लेल खोलि देल गेल अछि।

———————————————————————————

मौसम विभाग आई सीतामढ़ी, मधुबनी, शिवहर, सुपौल, सहरसा, मधेपुरा आ किशनगंज सहित राज्यक उत्तर– मध्य आ उत्तर–पूर्व क्षेत्र सभ मे किछु ठाम छिटपुट वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि। विभाग कहलक अछि जे राज्यक शेष भाग मे मौसम शुष्क बनल रहत। अगिला चौबीस घंटा मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक लदनिया थाना क्षेत्र अंतर्गत पिपराही सँ एसएसबी के जवान लोकनि लगभग डेढ़ हजार बोतल शराबक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।